EURASIAN JOURNAL OF ACADEMIC RESEARCH
Innovative Academy Research Support Center
IF = 9.3 www.in-academy.uz/index.php/ejar




# THE DEVELOPMENT OF THE USE OF THE CHRONOTOPE "JOL" IN THE NOVEL "ZARDUSHT" BY KENESBAY KARIMOVTYN

**Baxieva Khandarikha Zulkhandiyarovna**
Karakalpak literature 2-year undergraduate
https://doi.org/10.5281/zenodo.18720452

**ARTICLE INFO**

Received: 14th February 2026
Accepted: 20th February 2026
Online: 21th February 2026

**KEYWORDS**

*Chronotope, open space, road chronotope, inner space, hallucination, road motif.*

**ABSTRACT**

*This article examines the concept of the chronotope as a fundamental category in literary studies. Based on K. Karimov's novel Zardusht, the study analyzes the representation of open space and its various types, as well as the specific features of the functioning of the road chronotope. Particular attention is paid to the semantic and functional role of the road chronotope in revealing the artistic and ideological content of the literary work.*

# РАЗВИТИЕ ИСПОЛЬЗОВАНИЯ ХРОНОТОПА «ЙОЛ» В РОМАНЕ «ЗАРДУШТ» КЕНЕСБАЯ КАРИМОВТИНА

**Бахиева Хандариха Зулхандияровна**
Каракалпакская литература, 2 курс бакалавриата
https://doi.org/10.5281/zenodo.18720452

**ARTICLE INFO**

Received: 14th February 2026
Accepted: 20th February 2026
Online: 21th February 2026

**KEYWORDS**

*Хронотоп, художественное пространство, открытое пространство, хронотоп дороги, внутреннее пространство, мотив дороги.*

**ABSTRACT**

*В статье анализируется понятие хронотопа как одна из фундамен тальных категорий современной литературоведения. На материале романа К. Каримова «Зардушт» рассматриваются особенности репрезентации открытого художественного пространства и его типологические формы. Особое внимание уделяется хронотопу дороги, его семантическим и функциональным характеристикам, а также роли в раскрытии идейно-художественного содержания произведения.*

# KEŃESBAY KARIMOVTIŃ "ZARDUSHT" ROMANINDA " JOL" XRONOTOPINIŃ QOLLANILIW ÓZGESHELIGI

**Baxieva Xandarixa Zulxandiyarovna**
Qaraqalpaq ádebiyatı 2-kurs magistrantı
https://doi.org/10.5281/zenodo.18720452

**ARTICLE INFO**

Received: 14th February 2026
Accepted: 20th February 2026
Online: 21th February 2026

**KEYWORDS**

**ABSTRACT**

*Bul maqalada ádebiyatta "xronotop" túsinigi.K.Karimovtıń "Zardusht" romanında ashıq*

*Xronotop, ashıq keńislik, jol xronotopı, ishki keńislik gallyucinaciya, jol motivi.*

*keńislik hám onıń túrleri, jol xronotopınıń qollanılıw ózgeshelikleri.*

Ulıwma ádebiyattanıw ilimine xronotop túsinigi ullı rus ilimpazı M.Baxtin tárepinen kirgiziledi. Xronotop – bul jazıwshınıń fantaziyasi arqalı waqıt hám keńislikti payda etiw quralı esplanadı.

"M.Baxtinnıń pikirinsha waqıt hám keńisliktiń arasındaǵı ózara baylanıs bar bolıp, ol ádebiyatta "xronotop" dep ataladı"[1:234].

"Keńislik xronotopı óz ishki bóliniwlerine iye bolıp, olar ashıq hám jabıq keńislik bolıp bólinedi. Belgili ilimpaz Yu.M.Lotman «Проблема художественного пространства в прозе Гоголя» miynetinde keńisliktiń ashıq hám jabıq túrlerin ajıratıp korsetedi. Ilimpazdıń pikirinshe, olar sırtqı dúnya hám ishki dúnya oppoziciyasın ashıp beriwde áhmiyetke iye"[2:413-447]. Ashıq keńisliklerge shól, dala, taw, jaylaw, dárya, teńiz, kól, jol, toǵay hám basqalar kiredi.

Dúnya ádebiyatında Ernest Xemingueydıń "Chol va dengiz" romanında tiykarǵı waqıyalar "Kuba" teńizi átrapında júz beredi. Ózbek ádebiyatında Ótkir Hoshimovtıń "Eki esik arası" romanında adamnıń tuwılıwınan óliwine shekemgi

bolǵan ómir jolı yaǵnıy "jol" keńisliginiń metaforik usılda beriliwin kóriwge boladı. Qarqalpaq ádebiyatında T.Qayıpbergenovtıń "Maman biy" romanında Maman biydiń óz xalqın azatlıqqa alıp shıǵıw maqsetinde Sank – Pereburgqa degen úmit jolı.

"Jol" xronotopi ádebiyatta óz ornı hám rawajlanıw evolyuciyasına iye bolıp, ilimpaz M.Baxtin bul haqqında tómendegishe pikirlerdi bildiredi: «Jol xronotopında waqıt-keńislik tolıq hám anıq ashıladı. Jol motivine baylanıslı bolmaǵan shıǵarmalar az ushırasadı, kerisinshe, jol xronotopi, joldaǵı ushrasıwlar, joldaǵı waqıyalar tiykarında qurılǵan shıǵarmalar kópshilikti quraydı"[3:34].

Keńesbay Karimovtıń "Zardusht" romanındaǵı Amerikalı Djonnıń Orta Aziyaǵa qılǵan sayaxatı "jol" xronotopınıń ámelge asırılıwı sıpatında kóriwge boladı, sebebi romandaǵı Djon menen baylanıslı bólimlerdiń bárshesi jol yaǵnıy sayaxat benen baylanıslı halda sóz etiledi. Djon ushın bul ápiwayı ádettegi turistlik sayaxat emes, bálki ózligin izlew, ruwxıy tınıshlıq tabıwǵa baǵdarlanǵan jol bolıp tabıladı. Romandaǵı jol xronotopi qaharmannıń óziniń tuwılıp ósken jámiyetinen alıslap, ózligin tabıw hám sanasındaǵı tınıshlıq bermiy atırǵan sorawlarǵa juwap tabıw maqsetinde, ol ushın biytanıs bolǵan jámiyetke qádem basıwı jańa qádiryat hám makanlar menen tanısıw arqalı Djonnıń ishki áleminde bolıp atırǵan ózgerislerdi bayqawǵa boladı. Romandaǵı "jol" ruwxıy jaqtan kúshiyiw yaǵnıy mákannıń metaforik kúshiyiwi. Romanda Djonnıń

áyyemgi tariyxıy orınlar bolǵan Ayazqala, Gúldirsin qorǵanı hám Minajat tawlarına sayaxatı onıń tariyxıy obektler haqqında pikir júritiwi bul jol dawamında biliw, túsiniw tariyx benen baylanısta bolıp atırǵanın kóriwge boladı. Romanda "jol" xronotopi baylanıs hám ushrasıw sıyaqlı belgilerdi de óz ishine qamtıydı. Mısalı, Djon menen Gúlnihaldıń sáwbetleri eki mádeniyat toqnasıwına qaharmanlar bir- birin túsiniw waqıyaları usı xronotop arqalı ashıp beriledi.

"Ishki mákan bayanlawshınıń qaharmanlardıń qarakterlerin ruwxiy izlenislerin ashıp beriw avtorlar hám qaharmanlardıń keńislikke kózqarasların birlestiriw sıyaqlı estetik wazıypalardı ámelge asıradı. Peyzaj portret ishki monolog gallyucinaciya tús sıyaqlı ruwxıy psixologiyalıq analiz quralları arqalı ishki makan jaratıladı"[4:49].

Romanda jol xronotopi arqalı ishki keńislikti de kórsek boladı bul ishki keńislik romanda Djonnıń Orta Aziyanıń shól ıssılıǵında sharshap, talıǵıp gallyucinaciyaǵa túsiw waqıyaları menen tıǵız baylanısta beriledi.

Jigittiń bası aylanǵanday boldı. Onıń tutqanaq keseli bar edi, kisesin qarap, kerekli dári ornında ekenligine isenim payda qılǵannan soń sál arqayınlasıp, alıslarǵa názer tasladı. Qápelimde kóz aldında kórinisler ózgerip bara berdi. Izde qalǵan dárya anǵarı suwǵa tolıp aǵa basladı. Dáslep jigit onı kókshil saǵım dep, oylaǵan edi. Ómirinde kórmegen, hátte túsine de enbegen qandaydur kemeler júze baslaǵanın kórgende ol ózin basqa bir dúnyaǵa kirip qalǵanday sezdi.

"Iz betten bir nárselerdiń soqlıǵısıp, ǵıjırlaǵan sestin esitti. Moynın burǵanda baslarına kún nurında jılwalanǵan dubılǵalar, ústilerine qandaydur metalldan islengen sawıt kiyip, qollarına nayza uslaǵan adamlar kózge taslandı. Olar bálent dárwaza aldında, nayzalarınıń ushların kókke qaratqan halda misli tas músinler kibi tik turar edi. Basın kóterip, kókke názer tasladı. Qorǵan paxsasınıń ústinde turǵan adamlardıń súlderin kórdi"[5:43,44].

Bul mısalda keltirilgen qatarlarda real keńislikten Djonnıń ishki keńisligine ótiw gallyucinaciya arqalı júz beredi. Djon belgili minutlar ishinde áyyemgi ótmishtegi waqıyalardıń guwasına aylanadı. Bul jaǵday bolsa qaharmannıń sanasındaǵı sorawlarına juwap tabıwına járdem beredi.

Romanda Djonnıń ruwxıy tolǵanısları onı tariyxiy orınlardı kóriwge bolǵan qızıǵıwshılıǵın arttıradı. Jol oǵan ózligin ańlap jetiwge hám sanasında tınıshlıq bermiy atırǵan sorawlarǵa juwap sıpatında kórinedi.

Keltirilgen shıǵarmada jol xronotopi hám ishki keńislik (gallyucinaciya) ózara baylanısqan bolıp, olar qaharman ruwxıy halatınıń ashılıwına qızmet etedi. Jol-ózlikti ańlaw sınaq bolsa, gallyucinaciya – ishki ruwxıy gúretiń keńisligi.

"Ádebiyatta jol xronotopınıń mazmunı keń: kemnen – kem shıǵarma jol motiviniń qandayda bir túrin paydalanbastan dóretiliwi múmkin, al kópshilik shıǵarmalar tikkliy jol xronotopına, jol ushrasıwları hám hádiyselerine quralǵan"[6:59].

"B. Putilov góre, motiv pútkilliy jekelenip qalmaydı, ol basqa motivler menen semantik hám konstruktiv

tárepten baylanıslı boladı.6 Jol motivi birneshe motivlar menen baylanısta qollanıladı” [7:239].

“V.Propp “Ertek mifologiyasında” “Qaharman úydi tárk etiw” sayaxat motivin bildiredi” [8:60].

K.Karimovtıń “Zardusht” romanında da qaharmannıń sanasındaǵı ol ushın tınıshlıq bermiy atırǵan sorawlarǵa juwap hám ózligin tabıw maqsetinde “úyin tárke etiw” motivi Zardusht, Djon, Yakubbay obrazları mısalında da kóriwge boladı.

Romanada payǵambar Zardusht (Magupta) álem sırların biliw maqsetinde ata –anasın, óz úyin tasalap saparǵa shıǵawı. Bul sapar jolında onı jaqsılıq benen jamanlıq, jawızlıq hám qarańǵılıq penen jaqtılıq arasındaǵı gúresler jolı yaǵnıy nurǵa qaray jol, ruwxıy tazalanıw hám ózlikti ańlaw jolı sıpatında beriledi.

Romandaǵı Zardusht benen baylanıslı waqıyalar kóbibese folklorǵa tán mif hám dastalıq syujet tiykarında boladı. Dastanlıq shıǵarmalardaǵı batırlardıń tuwılıwı, er jetiwı, erlik islerdi islewi hám jamanlıq ústinen jeńiske erisiw jolındaǵı qıyınshılıqlar xronologiyalıq tártipte berilse Zardusht obrazı menen baylanıslı waqıyalarda usı tiykarda beriledi. Bunnan basqa da jaqsılıq benen jamanlıq, jawızlıq hám qarańǵılıq penen jaqtılıq arasındaǵı gúresler jolı mifologiyalıq usılda súwretlengen.

Al romandaǵı Yakubbaydıń óz tuwılıp ósken Shımqorǵan awılın, óz úyin tasalap ketiwi. Xuvarno ponsionatın ashıwı eń sońında ózi tuwılıp ósken Shımqorǵan awılına yaǵnıy ózligine qaytıw waqıyaları jol motivi arqalı ashılıp otıradı. Bul sózimizdi tómendegi mısallar arqalı dálillesek boladı.

“Shımqorǵanǵa barmaǵanına neshe jıl boldı?”

Qıyalında alısta qalǵan balalıǵı, ózinıń saz ılaydan tiklengen eki bólmeli ójiresi, Tursın apası menen onıń qızı Zulayha payda boldı” [9:276].

Juwmaqlap aytqanda Avesto ásirinen beri insannıń barkamal bolıp jetiliwi onıń sózi, pikiri hámde islegen isleriniń jaqsılıqqa qızmet etiwi, jaqsılıqtıń jeńiske erisiwi ushın qızmet qılıwına úlken itibar beriledi. Usı tárbiyalıq úshlik ideyası eń eski dáwirlerden baslap insaniy jámiyet rawajlanıwınıń keyingi basqıshlarında jaratılǵan bárshe aǵartıwshılıq shıǵarmalar mazmunnıń rawajlanıwına tiykar bolǵan.

Usınday shıǵarmalardıń biri K.Karimovtıń “Zardusht” romanı bolıp, onda payǵambar Zardushtıń (Magupta) alǵa qoyǵan tuwrı niyet, tuwrı sóz hám sózińe ámel qılıw sıyaqlı ideyalar alǵa súriledi. Romandaǵı Djon, Yakubbay hám Zardusht obrazların biriktirgen kópir wazıypasın da usı ideyalar atqarıp turıptı desek qátelespegen bolamiz. Sebebi adam, adam bolıp tuwılıǵan menen jasaǵan ómiri dawamımda ózligin izlewi hám insan sıpatında ruwxıy kámillikke erisiwi bul tek ǵana Shıǵıs xalıqlarınıń emes al Batıs xalıqlarınıńda tiykarǵı wazıypası esplanadı.

## References:

1. БахтинМ.М. Формы времени и хронотопа в романе. // Вопросы литературы и эстетиви. Исследова равных лет. Москва, «Художественная литература», 1975.

2. Лотман Ю.М. Проблема художественного пространства в прозе Гоголя. // Лотман Ю.М. Избранные статьи (в 3-х т.). Таллин, «Александра», 1993.
3. Бахтин М. Романда замон ва хронотоп шакллари. Жўрақулов таржимаси Тошкент, «Akademashiro, 2015.
4. Баҳор Тураева замонавий романларда хронотоп поэтикаси. Монография. «Тошкент», 2022.
5. Каримов К. Зардушт. Нөкис, «Балим», 2018.
6. Путилов Б.Н. Фольклор и народная культура. – Санкт-Петербург: Наука,1994.
7. Mamtaliyeva. XX asr oʻzbek nasrida yoʻl motivi mavzusi // Scientific Bulletin. Sector: Humanitarian Studies. – 2024. – №3.